

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Salasahiji cara pikeun ngawangun karakter bangsa nya éta ngaliwatan dunya atikan, anu hususna dina pangajaran sastra. Karya sastra dimangpaatkeun pikeun média anu ngawangun kasadaran siswa dina ngalakonan kahirupan. Dina karya sastra aya ajén sosial budaya, ajén kamanusaan, ajén atikan, jsb.

Nurutkeun pamadegan Rusyana (1992: 7-8), sastra téh kagiatan kréatif, kagiatan nyipta, jeung kagiatan seni. Salian ti éta Pradopo dina Isnendes (2010: 5), nyebutkeun yén sastra téh mibanda sipat imajinatif, basana konotatif, sarta unsur éstétikna dominan.

Sastra Sunda, dumasar kana waktu gelarna dibagi kana dua rupa, nya éta sastra Sunda buhun (klasik) jeung sastra Sunda modérn (Koswara, 2011: 2). Genre sastra Sunda buhun aya carita pantun, wawacan, guguritan, mantra, sisindiran, jeung kakawihan. Genre sastra modérn aya sajak, novel, carpon, jeung drama. Nilik kana wangunna, karya sastra dibagi kana tilu wangun, nya éta puisi, prosa, jeung drama.

Tina sababaraha jenis sastra, salasahijina nya éta drama. Drama mangrupa carita fiksi dina wangun tulisan atawa kecap-kecap anu miboga unsur intrinsik jeung ékstrinsik. Nurutkeun Nurgiyantoro (2002: 4) drama nya éta karya fiksi anu diwangun ngaliwatan unsur intrinsikna misalna plot, latar, puseur implengan, jsb anu miboga sipat imajinatif.

Saupama nilik leuwih jero deui yén dina pangajaran drama aya bédana jeung pangajaran sastra anu lianna, misalna sajak, dongéng, novel, jsb. Basa kaasup salasahiji unsur penting. Dina drama, basa miboga ragam basa lisan misalkeun kalimah, lapal, tarik launna sora, intonasi, jeung masih loba aspék lianna anu jadi bahan pikeun nepikeun amanat. Salian ti basa tangtu masih aya unsur lianna, nya éta gerak, posisi, isarat, jeung pasemon.

Tujuan utama dina diajar drama nya éta sangkan ngaragakeun hiji tokoh sacara merenah dina hiji pintonan. Neuleuman hiji pintonan kaasup hal anu teu

gampang. Ku kituna, guru miboga tanggung jawab pikeun ngawanohkeun pangajaran drama. Tapi dina kanyataanna loba guru anu teu mampuh méré pangajaran drama anu hadé. Hal éta disababkeun guru teu ngawasa kana téori, guru kurang mampuh méré conto kumaha maén drama, atawa guru teu mampuh méré pangajaran drama ngagunakeun métode anu luyu jeung kondisi siswana.

Sabenerna di lingkungan siswa sapopoé (misalna TV, sandiwara, film, jsb) bisa dimangpaatkeun pikeun méré pangalaman siswa dina diajar drama. Tapi leuwih hadé deui saupama guru bisa méré gambaran ngeunaan prosés dramatisasi anu leuwih lengkep.

Sawatara naskah drama ditulis pikeun dipintonkeun. Jaman kiwari siswa leuwih resep ningali pintonan drama tibatan maca naskahna, salahsiji faktor anu nyababkeunna nya éta hésé néangan naskah drama anu diterbitkeun. Balukarna, telaah atawa kritik drama jadi barang langka.

Drama miboga struktur anu bédha, nya éta ayana paguneman. Hal éta luyu jeung pamadegan di luhur yén naskah-naskah drama ditataharkeun pikeun dipintonkeun. Lian ti éta, drama ogé miboga unsur plot jeung karakter sakumaha anu aya dina karya faksi. Tapi dina prosés ngamangpaatkeun basa, naskah drama karasa lengkep pungsina saupama geus dipintonkeun.

Dina drama kawatesanan ku sawatara hal, di antarana pangarangna anu teu bisa ngadéskripsikeyun sakabéh kajadian anu dipikahayang, tempat pintonan, jeung setting kajadian. Kaunggulan drama saupama dibandingkeun jeung genre sastra lianna nya éta dina drama pangalaman anu aya bisa langsung ditarima ku nu nongton, kitu deui aprésiator drama bisa langsung ngarasakeun jeung ngalaman kajadian.

Sumardjo (1997: 128) nyebutkeun yén drama nya éta karya sastra anu ditulis dina wangu dialog jeung dipintonkeun ku sababaraha aktor. Tapi aya ogé anu teu dimaksudkeun pikeun dipintonkeun, nya éta *closet drama*. Drama ieu ditulis pikeun dibaca di kamar saperti maca novel atawa sajak, saupama dijieun pintonan tangtu matak bosen ku sabab unsur kajadianna kurang katingali, kitu deui anu didéskripsikeyunna ngan téma jeung dialog.

Drama mangrupa bagian karya seni anu dipikaresep ku nu maca jeung nu nontonna. Drama diwengku ku déskripsi kajadian, euyeub ku watek, pasualan, jeung unsur-unsur karya sastra lianna anu bisa dianalisis strukturna.

Dina pakumbuhan sastra Sunda, genre drama téh jarang kacaturkeun. Padahal tradisi mintonkeun naskah drama geus ditaratas ti baheulana. Ti jaman Walanda anu disebut *toneel* atawa sandiwara. Ditéma ku jaman longsér, gending karasemén, nepi ka drama modérn.

Salasahiji genre drama Sunda nya éta longsér. Dina alam harita longsér mangrupa alat hiburan pikeun masarakat, tapi kadieukeun mah longsér téh geus jarang kasebut deui. Pangna genre longsér melempem, lantaran carita-carita longsér anu dipintonkeun ti baheula geus teu saluyu deui jeung pangabutuh jaman ayeuna, ku sabab hésé néangan naskah longsér. Dina mimiti ayana longsér, biasana dialog téh ditambul kitu baé, tapi ka jaman béh dieukeun mah longsér téh geus maraké naskah.

Teu réa pangarang nu sok nulis naskah drama Sunda, komo naskah longsér mah. Malah ganjor pisan mun dibandingkeun jeung nu sok nulis carpon, sajak, atawa novel. Lahan keur ngamuat naskah longsér gé samporét. Éta bisa katitén tina héséna néangan buku kumpulan naskah longsér. Salian ti éta nulis naskah longsér beda jeung nulis carpon atawa novel, sabab nulis naskah longsér kudu diémbohan ku pangaweruh séjénna. Lian ti jejer carita, anu kudu dipikiran ku pangarang téh kumaha éta naskah saupamana dipintonkeun, naha matak kataji anu lalajo atawa sabalikna. Aya ogé pangarang naskah longsér, kaasup sutradara, anu ngudag sisi komédi sacara keleuleuwihi, anu teu merhatikeun ajén-inajén nu lianna, misalna ajén atikan.

Ajén atikan dina karya sastra mangrupa salasahiji hal penting dina kagiatan pangajaran. Naskah longsér méré pangaweruh leuwih jero ka siswa dina ngajénan drama. Drama bisa dijadikeun eunteung dina ngalakonan kahirupan.

Dina milih bahan pangajaran aya sababaraha hal anu perlu diperhatikeun pikeun dijadikeun objék pangajaran. Prinsip dasar dina milih bahan pangajaran atawa matéri pangajaran kudu saluyu jeung kamampuh siswa. Bahan pangajaranana dipiharep bisa méré kontribusi dina nyangkem ajén nu luhung

ngaliwatan budaya lokal dina wangu naskah drama, hususna longsér. Naskah anu miboga struktural-sémiotik jeung ajén atikan anu luhung luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran. Ku sabab éta, dina pangajaran sastra kudu diklasifikasikeun dumasar kamampuh siswa.

Tina déskripsi di luhur aya sababaraha panalungtikan ngeunaan karya sastra genre drama, nya éta: (1) Ajén Moral dina Naskah Drama “Cucunguk” Karya Yosep Iskandar ku Hendi Perdiansyah taun 2007 ieu panalungtikan téh ngadéskripsikeun ajén moral anu aya dina naskah drama “cucunguk”; (2) Tinjauan Deskriptif Tentang Pertunjukan Drama di Desa Rancamanyar Kecamatan Pamengpeuk Kabupaten Bandung ku Ening Sekarningsih taun 1981; (3) Perbandingan Pergelaran Longser Panca Warna dengan “Juag Toéd, Nyiar Gawé, dan Kuncrut” ku Heri Hidayat taun 1997. (4) Aspék sosiologis Naskah drama “Cempor” R. Hidayat Suryalaga; Tilikan Strukturalisme Genetik ku Asri Afrilianti taun 2007 ieu panalungtikan dina wangu skripsi ngadéskripsikeun aspék sosiologis naskah drama cempor ngaliwatan tilikan strukturalisme genétik; (5) Stuktur dan Nilai Pendidikan Drama Tradisional Besutan dan Model Pembelajaran Sastra di Madrasah Aliyah Negeri Jombang taun 2011, ieu panalungtikan dina wangu tesis anu ngadéskripsikeun struktur jeung ajén atikan anu aya dina drama tradisional Besutan anu jadi bibit buit budaya ludruk jeung modél pangajaran sastra. Aya ogé dina wangu tesis lianna misalkeun judulna; (6) Nilai Budaya, Tokoh, dan Penokohan Cerita Rakyat Jawa Barat ku Korrie Layun Lampan taun 2004; (7) Perbandingan Konvensi Struktur dan Makna Drama Tradisional “Belenggu” Karya Armijn Pane dan Drama Tradisional “Bekisar Merah” Karya Ahmad Tohari sebagai Pembelajaran Apresiasi Sastra di SMA ku Dadang Supriatna taun 2005, jrrd.

Ku kituna, nilik kana sababaraha panalungtikan di luhur panalungtik kataji pisan pikeun nalungtik budaya ngaliwatan kajian struktural-semiotik, sarta bahan pangajaran drama anu dihususkeun kana naskah-naskah longsér. Kalawan judul panalungtikan, “Naskah Longsér Karya H. R. Hidayat Suryalaga pikeun Bahan Pangajaran di SMA/MA/SMK (Ulikan Struktural-Sémiotik)”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu di handap dipedar ngeunaan watesan jeung rumusan masalah panalungtikan.

1.2.1 Watesan Masalah

Saupama maluruh ngeunaan naskah longsér secara gembleng kalintang lega teuing ambahanana. Ku kituna dumasar tinimbangan waktu, biaya tur tanaga panalungtik, ieu panalungtikan diwatesanan tina ulikan struktural-sémiotik dina naskah longsér. Anu baris ditalungtikna dua naskah longsér karya H. R. Hidayat Suryalaga. Éta data téh baris jadi bahan pangajaran di SMA/MA/SMK.

Dina nalungtik naskah longsér diwatesanan ku ulikan sémiotik dumasar téori Charles Sander Pierce, nyoko kana patali kaayaan jeung wangun dasarna anu ngawengku:

- a) *ikon*, tanda anu nunjukeun ayana hubungan anu sipatna alamiah antara pananda jeung pertandana;
- b) *indeks*, hubungan kausal di antara *representamen* jeung objékna;
- c) *simbol*, hubungan antara penanda jeung petanda anu sipatna arbiter.

Ieu dumasar kana tinimbangan yén unsur pokok anu fundamental tina sémiotik téh nya éta tilu unsur tadi.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah dina ieu panalungtikan, rumusan masalahna diwangun ku kalimah tanya saperti ieu di handap.

- a. Kumaha struktur drama anu aya dina naskah longsér karya H. R. Hidayat Suryalaga anu ngawengku, téma, fakta carita (tokoh, *setting*, alur) jeung sarana sastra (puseur implengan, gaya basa) jeung unsur drama (prolog, dialog, pembabakan adegan, *wawacang/side text*, *soliloquy*, *aside*, epilog)?
- b. Ma'na (*ikon*, *indeks* jeung *simbol*) naon baé anu nyangkaruk tina naskah longsér anu ditalungtik?
- c. Kumaha bahan pangajaran drama anu luyu di SMA/MA/SMK?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan, dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus, anu dipedar saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Pikeun ngadéskripsikeyun karya sastra, hususna naskah longsér dumasar kana struktur pangwanguna anu satuluyna diulik sacara sémiotik sarta kumaha bahan pangajaranana di SMA/MA/SMK.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan, nya éta:

- a) ngadéskripsikeyun struktur drama anu aya dina naskah longsér karya H. R. Hidayat Suryalaga anu ngawengku, téma, fakta carita (tokoh, *setting*, alur) jeung sarana carita (puseur implengan, gaya basa) jeung unsur drama (prolog, dialog, pembabakan adegan, *wawacang/side text*, *solilokui*, *aside*, epilog);
- b) ngadéskripsikeyun ma'na (*ikon*, *indéks* jeung *simbol*) anu nyangkaruk dina naskah longsér anu ditalungtik;
- c) ngararancang bahan pangajaran drama anu luyu di SMA/MA/SMK.

1.4 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta hiji pamikiran anu bebeneranna ditarima ku panalungtik (Arikunto, 2006:5). Dina ieu panalungtikan, panalungtik miboga anggapan dasar, yén:

- a. naskah longsér mangrupa bagian tina budaya lokal;
- b. naskah longsér miboga struktur jeung unsur sémiotik anu mangrupa ciri tina karya sastra;
- c. naskah longsér miboga ajén atikan anu luhung;
- d. bahan pangajaran drama bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa sarta ngamekarkeun sumanget aprésiasi kana karya sastra.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua bagian, nya éta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.5.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan pikeun ngawewegan téori saméméhna tur ngamekarkeun pangajaran basa Sunda di Sakola, anu saluyu jeung Standar Kompétensi jeung Kompéténsi Dasar (SKKD) basa Sunda.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat anu dipiharep dina ieu panalungtikan secara praktis, nya éta:

- a) pikeun pamaréntah dina widang atikan, ieu panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan pikeun milih bahan ajar anu saluyu jeung pangajaran di sakola;
- b) pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi tur ngeuyeuban bahan ajar anu saluyu jeung pangajaran di sakola;
- c) pikeun siswa, bisa dijadikeun sumber diajar tur méré pamarekan nu leuwih ngeunaan pangajaran drama;
- d) pikeun panalungtik, méré gambaran ngeunaan Ulikan Struktural-Sémiotik Naskah Longsér Karya H. R. Hidayat Suryalaga pikeun Bahan Pangajaran di SMA/MA/SMK.

1.6 Struktur Organisasi Tésis

Struktur organisasi ieu panalungtikan diébréhkeun dina wangu saperti di handap.

BAB I BUBUKA

Dina bab bubuka diwangun ku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, anggapan dasar, mangpaat panalungtikan jeung struktur organisasi tésis.

BAB II DRAMA, LONGSÉR, JEUNG STRUKTURAL-SÉMIOTIK, JEUNG BAHAN PANGAJARAN.

Dina ieu bab dipedar ngeunaan déskripsi tina téori-téori drama hususna drama tradisional nya éta longsér, téori ngeunaan struktur drama jeung téori struktural sémiotik jeung bahan pangajaranana.

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ieu bab medar ngeunaan métode panalungtikan, desain panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung analisis data.

BAB IV ULIKAN STRUKTURAL-SÉMIOTIK DINA NASKAH LONGSÉR KARYA H. R. HIDAYAT SURYALAGA SARTA BAHAN PANGAJARANANA DI SMA/MA/SMK

Ieu bab mangrupa puseur tina panalungtikan, nya éta ngadéskripsikeun hasil panalungtikan, ngagunakeun ulikan struktural-sémiotik, sarta bahan pangajaranana di SMA/MA/SMK tina naskah karya H. R Hidayat Suryalaga anu judulna “Mad Toing” jeung “Tiodédad”.

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Bab ieu, bab pamungkas dina ieu panalungtikan. Panalungtik miboga tarékah pikeun nyindekkeun hasil tina panalungtikanna, anu satulunya aya saran salaku média pikeun ngaronjatkeun sastra Sunda hususna tina naskah longsér anu digunakeun dina kagiatan pangajaran.